ISSN: 2181-3906
2023

International scientific journal
«MODERN SCIENCE AND RESEARCH»
VOLUME 2 / ISSUE 10 / UIF:8.2 / MODERNSCIENCE.UZ

# QARAQALPAQ MILLIY DA`STU`RILERININ` BIRI BOLG`AN “AYDAR KESIW” TOYININ` ILIMIY-TEORIYALIQ TIYKARLARI

**Xojamuratova Gulparshin**
ÓzMKÓMI Nókis filialı, “Xalıq dóretiwshiligi” kafedrası oqıtıwshısı.
https://doi.org/10.5281/zenodo.10056812

***Annotatsiya.*** *Bul maqalada Qaraqalpaq milliy dástúrleriniń biri bolǵan “Aydar kesiw” toyı haqqında sóz bolıp, bul dástúrdiń payda bolıwı, qanday jaǵdaylarda aydar shashın qoyıwǵa bolatuǵınlıǵı, sońǵi waqıtlarda elimizde ótkerilip atırǵan aydar shash kesiw toylarınıń ótmish hám búgingi zaman menen salıstırmalı ótkeriliwi hám basqa da máseleler qarap shıǵıldı.*

**Gilt so`zler:** *toy, dástúr, milliy, ata-babalar, Aydar shash, úrp-ádet, tariyx, folklor h.t.b.*

# SCIENTIFIC AND THEORETICAL BASICS OF "AYDAR KESIW" MOUNTAIN, ONE OF THE NATIONAL PROGRAMS OF KARAKALPAK

***Abstract.*** *This article is about the "Aydar kesiw" wedding, which is one of the Karakalpak national programs. Comparison of Aydar hair cutting weddings with past and present times and other issues were discussed.*

**Key words:** *wedding, program, national, ancestors, Aydar shash, tradition, history, folklore. etc.*

# НАУЧНО-ТЕОРЕТИЧЕСКИЕ ОСНОВЫ ГОРЫ «АЙДАР КЕСИВ», ОДНОЙ ИЗ НАЦИОНАЛЬНЫХ ПРОГРАММ КАРАКАЛПАК

***Аннотация.*** *В данной статье речь идет о свадьбе «Айдар кесив», которая является одной из Каракалпакских национальных программ.Рассмотрено сравнение свадебной стрижки Айдар с прошлым и настоящим временем и другие вопросы.*

**Ключевые слова:** *свадьба, программа, национальная, предки, Айдар шаш, традиция, история, фольклор. и др.*

Dúnya xalıqları tábiyat qubılıslarına, jaratılıs sırlarına baylanıslı óz inanım-isenimlerine iye. Usınday inanım-isenimlerden kelip shıqqan qádiriyatlar qaraqalpaq xalqınıń turmısında da saqlanǵan.

Solar qatarına «shash qásiyeti» menen baylanıslı túsinikler de kiredi. Usı tiykarda er balaǵa aydar, kekil, jal, tulım, al qız balaǵa kekilshik hám tulımshaq qoyıladı. Sonıń menen birge, shashqa ayrıqsha kútim de talap etiledi. Bunıń sebebi, «adam janınıń bir bólegi shashta boladı» dep túsinilgen. Shash ushıp ketse, qus awzına tússe, adamnıń bası awıratuǵınlıǵı, keselge shatılatuǵınlıǵı haqqındaǵı hár qıylı ırımlar usılardan ibarat. Sonlıqtan da shashtı hár jerge shashıp ketpeydi, ayaqastı etpeydi.

Shashtı qádirlew tiykarında, onı kútiwdiń hám aldırıwdıń qaǵıydaları qáliplesken. Qız balanıń shashın kútiw – anası, ájesi, ájapaları tárepinen qadaǵalanadı. Al, ul balanıń shash kútimine hámme de juwapker. Itibarlı tárepi sonda, shash qoyıw hám onı saltanatlı túrde aldırıw dástúri menen baylanıslı xalıqlıq salt-dástúrler de júzege kelgen. Bul salt túrleriniń tiykarǵıları: «aydar toy», «kekil toy», «zúlpi toy» («tulımshaq toy»). Usılardıń ishinde «aydar toy» saltı óz aldına orın tutadı. Aydar toy – áwladtı dawam ettiriwshi ul balaǵa beriletuǵın bolǵanlıqtan da ol xalıqlıq jıyın sanalıp kelgen. Basqa toylar qońsı-qoba hám jaqın-juwıqlardıń qatnasıwı menen kishigirim salt túrleri sıpatında belgilenip ótilse, aydar toy – kópshiliktiń basın qosatuǵın «ullı toy» esaplanadı.

Ádette, aydar – uzaq waqıt perzent dağında júrip, kópten kútken er bala dún'yaǵa kelgende qoyıladı. Sonday-aq, nárestesi turmaǵan úydiń ul balasına aydar qoyılıp, soǵan arnap aydar toy

beriledi. Álbette, bul keyingi zamanlarda qáliplesken úrdis. Erte zamanlarda «ómirli bolsın» degen niyette hámme balaǵa da aydar qoyılǵan. Al «aydar» sóziniń ózi «janlı» («jandar») degendi ańlatadı. «Aydar» isminiń kelip shıǵıwı da usıǵan baylanıslı.[1]

Burıńǵı waqıtta aydar toyǵa aldın ala «toǵashı» («toy basqarıwshı») tayınlanǵan. Biyler eń juwapkerli jigitti «toǵashı» etip belgilegen. Toydıń barlıq obal-sawabı toǵashı moynına shógetuǵın bolǵanlıqtan, toydan keyin toǵashı arnawlı túrde sıylıqlanǵan. Toǵashınıń baslı xızmeti «toydıń toyday bolıp ótiwin támiyinlew». Toydıń qızıqlı bolıp ótiwin toy iyesi menen kelisken halda biyler ózleri sheshken. Al balanı toyǵa tayarlawdı anası, jeńgesi hám ájapaları ámelge asırǵan.

Aydar toy – bala bes jasqa shıqqanda yamasa jetini toltırǵanda beriledi. Dástúr boyınsha aydar toy sebepshisi bolǵan balaǵa arnawlı salt kiyimleri kiygiziledi hám aydarları óriledi. Balanıń aydarı hár qıylı monshaqlar, hasıl taslar hám zerli jipler menen bezetiledi. Toy saltanatına shıǵarda bala kewili háwlirmewi ushın:

Aydan, aydan – aydanaq,
Aydarlı bala aydan aq,
Aydarın qáne óreyik,
Ay balaǵa túpireyik.
Aydan, aydan – aydanaq,
Aydarlı bala aydan aq,
Aydarın órgen altınnan,
Aylanıp ketsin xalqınan,

– dep onı kópshiliktiń aldına jigerlendirip alıp shıǵadı. Bul súymishlerden ol yoshlanıp, albırawshılıq sezimlerin joǵaltadı.

Aydar toy saltanatında balanı shar topardıń ortasına aparǵansha hám onı qur aylandıra alıp júrgenshe, aytımlar aytıla beredi. Aytımlar aytılǵan sayın bala boyında kúsh tasqınlaydı. Balanıń mama kempiri onıń basınan sıypap, jelkesine túpirip:

Aylanayın degende,
Awıl kóship baratır,
Aydarınıń basınan,
Dawıl esip baratır,

– dep bul saltanat pútkil awıl-aymaqtıń quwanıshı ekenligin bildiredi. Bala qurdı aylandırılıp shıqqannan keyin ortaǵa tóselgen tekiymettiń ústindegi gúrsige otırǵızıladı hám sol jerde dayı atalarınıń biri kelip, jiyenine tilekler tileydi hám onıń basınan sıypap bolıp, aydarshashın aladı. Aydarshashı alınǵannan soń mańlayınan súyip, pátiyasın beredi. Usınnan keyin óz sawǵası sıpatında balanıń basına taqıya yamasa qalpaq kiygizip, qolına qamshı tutqızadı hám dayıları jetelep kelgen tayǵa mingizip, qurdı aylandıra alıp júredi. Aydar shash aq súpke túyilip, anasına tapsırıladı. Toy saltanatı dástúriy salt túrlerine ılayıq dawam ettiriledi.

Aydan, aydan – aydanaq,
Aydarına marjan taq,
Aydarın qáne óreyik,
Ay balaǵa túpireyik!

[1] A.Seydanov - @Tariyxqa_nazer telegram kanalı. 23-fevral, 2023-jıl.

* * *

Aylanayın degende,
Aylar kóship baratır,
Aydarınıń basınan,
Dawıl esip baratır…[2]

– dep, eń jaqın dayısı sawǵa sálemlerin berip, balanıń aydar shashın kesken.

**REFERENCES**

1. *A.Seydanov - @Tariyxqa_nazer telegram kanalı. 23-fevral, 2023-jıl.*
2. Тажимуратова Ш. С. САНЪАТШУНОСЛИК ФАНЛАРИНИ ЎҚИТИШ ОРҚАЛИ ТАЛАБАЛАРНИНГ МУСТАҚИЛ ИШЛАШ КЎНИКМАЛАРИНИ ШАКЛЛАНТИРИШ. – 2023.
3. Saginbaevna T. S. FORMATION OF STUDENTS'SKILLS OF INDEPENDENT PERFORMANCE THROUGH THE TEACHING OF ART HISTORY //Spectrum Journal of Innovation, Reforms and Development. – 2022. – Т. 9. – С. 386-392.
4. Tajimuraova S. S. INFORMATION AND COMMUNICATIONS IN MANAGEMENT //Journal of Integrated Education and Research. – 2022. – Т. 1. – №. 5. – С. 509-511.
5. Tajimuratova Shakhnoza Saginbaevna. (2022). MANAGEMENT AND STUDY OF CULTURE AND ART. Web of Scientist: International Scientific Research Journal, 3(1), 758–762.
6. Sag'inbaevna, T. S. (2023). Cultural Life in Uzbekistan during the Years of Independence. Spanish Journal of Innovation and Integrity, 18, 39-41.